



**ETA FLORID
PWOGRAM EDIKASYON VOLONTÈ PRE-JADENDANFAN
GID POU PARAN
FÒM OEL-VPK 06**

Pwogram Edikasyon Volontè Pre-Jadendanfan (*Voluntary Prekindergarten Education – VPK*) se yon pwogram edikasyon **GRATIS** yo te kreye pou pare tout timoun 4tran nan Florid pou jadendanfan epi konstwi baz pou yo kapab jwenn siksè nan edikasyon. Pwogram VPK ofri tout timoun opòtinite pou gen pibon pèfòmans lekòl ak pandan tout lavi li lè li ofri bonjan pwogram ki gen ladann korikòlòm ki apwopriye selon devlopman yo epi ki konsantre sou konptans alfabetilizasyon bonè, estanda nan devlopman, responsabilite, peryòd enstriksyon sibstansyèl, dimansyon klas ki jerab ak enstriktè ki kalifye.

Chwa yo

Divès founisè ofri Pwogram VPK an nan kominote Florid yo. Paran yokapab chwazi ant founisè prive edikasyon bonè yo ak founisè lekòl piblik. Paran yo gendwa kontakte kowalisyon lokal edikasyon bonè (ELC) yo pou jwenn yon lis pwofil founisè VPK yo konfòmman ak 1002.53(5), F.S. Paran yo gendwa chwazi youn nan twa kalite Pwogram VPK ki genyen. Pwogram pandan Ane Lekòl al pandan Peryòd Lete yo bay enstriksyon salklas epi yo disponib pou tout elèv ki elijib alòs ke pwogram Sèvis Enstriksyon Espesyalize (SIS) yo disponib sèlman pou timoun ki andikape.

Lane Lekòl

- 540 èdtan enstriksyon
- Enstriktè prensipal lan dwe gen fòmasyon ki omwens egal ak yon Diplòm 2-zan Devlopman Timoun
- Klas yo pa ka gen plis pase 11 elèv avèk yon enstriktè prensipal oswa pa plis pase 20 elèv pou yon enstriktè prensipal ak yon asistan

Peryòd Lete

- 300 èdtan enstriksyon
- Enstriktè prensipal lan dwe gen yon Diplòm 4-tran oswa plis
- Klas yo pa ka gen plis pase 12 elèv pou yon enstriktè prensipal

Pwogram Sèvis Enstriksyon Espesyalize (SIS)

Twazyèm kalite pwogram VPK sa a disponib sèlman pou timoun ki andikape ki gen plan edkasyon endividyèl (IEP) deja epi se founisè espesyalize Depatman Edikasyon ki deside yo elijib ki pou ofri pwogram sa yo. Kalite pwogram sa a fèt espesyalman pou reponn ak bezwen IEP timoun lan konsèy lekòl lokal la te kreye. Mande ELC a ba ou enfòmasyon konsènan kalite pwogram sa a.

Estanda Edikasyon ki Elve

Timoun ki enskri nan Pwogram VPK an benefisyè yon bon kalite ekspryans aprantisaj ak pwofesè yo ki satisfè estanda edikasyon Eta a fikse. Pwofesè yo aplike yon korikòlòm ki dwe:

- Pwopriye selon nivo devlopman timoun yo,
- Pare timoun yo pou jadendanfan selon tès nivo jadendanfan pou tout Eta a, epi
- Amelyore pwogrè elèv yo selon laj yo genyen pou atenn Estandan Edikasyon VPK Konsèy Edikasyon Eta Florid te adopte.

To Preparasyon

Chak founisè VPK resevwa yon “to preparasyon” nan men Eta Florid. To preparasyon an mezire jan founisè VPK a par timoun yo pou jadendanfan. Paran yo gendwa konsilte to preparasyon yon founisè VPK nan www.improvevpk.org.

Kondisyon pou Enskri nan Pwogram

Gen de (2) kondisyon elijibilite estanda (laj ak rezidans) pou patisipasyon yon timoun nan chak nan twa (3) kalite Pwogram VPK yo pi gen kondisyon elijibilite anplis (ikonpri yon IEP) pou yon timoun kapab patisipe nan kalite pwogram SIS la. Pa gen okenn kondisyon lajan pou timoun lan enskri nan Pwogram VPK a. Si ou vle yon fòm aplikasyon ak lis konplè tout dokiman yo aksepte kòm prèv laj ak rezidans oswa pou jwenn plis enfòmasyon konsènan kondisyon liyibilite adisyonèl pou SIS, kontakte LC lokal ou an.

Prèv laj

Se pou timoun lan gen 4tran jou 1ye septanm oplita pou li kapab patisipe nan VPK pandan ane lekòl sa a oswa pandan peryòd lete ki vini apre sa. Se pou paran yo prezante prèv laj pitit yo. Yon egzant prèv laj la se yon original oswa yon kopi sètifye batistè oswa kanè vaksinasyon timoun lan.

Prèv rezidans

Se pou timoun yo rete nan Eta Florid pou yo kapab patisip nan VPK. Paran yo dwe prezante yon prèv fanmi an abite nan Eta Florid. Pami egzant prèv rezidans gen lisans chofè yon paran, yon bòdwo elektrisite oswa telefòn oubyen bout chèk salè li.

Kondisyon adisyonèl pou Pwogram Sèvis Enstriksyon Espyalize (SIS)

Anplis kondisyon elijibilite estanda ki anlè yo, timoun ki enskri nan kalite pwogram SIS lan dwe gen yon IEP deja konsèy lekòl lokal te kreye pou yo.

Kondisyon pou Pwogram la

Prezans ak ranbousman pou kalite pwogram pandan Lane Lekòl ak pandan Peryòd Lete yo

Lalwa endike kijan founisè VPK yo pral touche pou chak timoun ki enskri nan Pwogram VPK a. Founisè yo touche pou yon jounen VPK konplè lè yon timoun patisipe nan kèlkeswa pati VPK a nan jounen an. Epitou, ta a peye tou pou absans pou 1 jou pou chak kat (4) jou yon timoun ale nan pwogram la. Founisè VPK yo pa gen dwa faktire paran yo pou absans timoun yo nan Pwogram VPK a.

Chak founisè VPK dwe gen pwòp politik li sou prezans ak reta, epi founisè yo dwe remèt paran yo li depi pitit la enskri nan Pwogram VPK founisè a. Si yon timoun oswa yon paran pa vle respekte politik founisè a konsènan prezans ak reta, founisè a gendwa retire timoun lan nan Pwogram VPK li an. Paran ta dwe konnen byen politik prezans founisè VPK a epi yo gendwa mande ELC an ede yo konprann pwoblèm ki gen pou wè ak prezans ak absans yo. Epi tou, founisè VPK dwe bay paran yo yon fòm ki ranpli deja chak mwa kantite prezans ak absans pitit yo nan VPK pou mwa ki sot fini a. Lalwa oblije paran yo verifye prezans pitit yo poutèt yo dwe gade fòm sa a chak mwa epi siyen li pou montre dokiman prezans lan kòrèk. Ta a peye founisè VPK a sou labaz dosye prezans sa a. Anpil sit founisè VPK egzije tou pou paran yo siyen yon fè chak fwa yo depoze ak vin chèche pitit yo chak jou. Siyati toulejou sa a se yon mekanism sekirite ki ede asire se sèlman sèten moun ki vin depoze/oswa chèche timoun yo.

Prezans ak ranbousman pou kalite pwogram Sèvis Enstriksyon Espesyalize

Yo ranbouse founisè ki bay Sèvis Enstriksyon Espesyalize pou sèvis ki konsistan ak IEP timoun lan elèv la resevwa. Paran yo gendwa kontakte ELC lokal yo pou jwenn enfòmasyon adisyonèl konsènan peman ba founisè Sèvis Enstriksyon Espesyalize yo.

Evalyasyon yo

Founisè VPK yo òganize pre-evalyasyon tout timoun ki enskri nan kòmansman klas VPK ansanm ak post-evalyasyon lè klas VPK yo prèske fini.

Enklizyon

Founisè prive VPK gendwa fè aranjman pou timoun ki gen bezwen espesyal ak ki andikape nan pwogram yo. Founisè VPK lekòl piblik yo oblije fè aranjman sa yo. Paran timoun ki gen bezwen espesyal gendwa kontakte Biwo Edikasyon Bonè nan Sant dapèl Eta Florid la (866- 357-3239, [Malantandan TTY: 711]) pou poze kesyon epi resevwa referans pou abòde zafè bezwen espesyal pou paran ak founisè.

Restriksyon nan Pwogram la

Chanje Founisè VPK

Paran yo rsponsab pou chèche founisè VPK potansyèl anvan yo enskri pitit yo. Paran yo gendwa chanje founisè VPK pitit yo **yon sèl fwa sèlman** si li satisfè youn nan kritè espesifik pou swa yon re-enskripsyon ki jistifye oswa poutèt yon re-enskripsyon pou kondisyon ki trè difisil. Nan sèten sikonstans, yon timoun gendwa resevwa yon dezyèm re-enskripsyon si li satisfè youn nan kritè espesifik yo pou yon egzansyon ki jistifye. Anvan ou retire pitit ou nan klas yon founisè VPK, kontakte ELC ou an pou wè si pitit ou kalifye pou yon re-enskripsyon oswa yon egzansyon ki jistifye.

Politik Founisè VPK yo

Founisè VPK yo gendwa gen règ konsènan disiplin, manje, rad, ranvwa ansanm ak anpil lòt detay espesifik. Se pou paran yo ta konnen politik founisè VPK yo chwazi a.

Transpò

Transpò pou rive epi pou tounen nan VPK pa fè pati nan Pwogram VPK a. Paran yo responsab pou asire pitit yo rive epi tounen de VPK toulejou. Sèten founisè VPK gendwa ofri transpò. Paran yo ta dwe tcheke opsyon ki egziste lokalman si fanmi a bezwen transpò VPK.

Èdtan siplemantè ak Chaj anplis

Founisè VPK yo pa kapab faktire paran yo chaj oswa ekolaj pou sèvis Pwogram VPK yo. Founisè yo kapab, sepandan, ofri sèvis gadri pou timoun pou pi lontan pase orè Pwogram VPK a. Paran yo ta dwe tcheke founisè VPK yo pou wè ki sa yo faktire pou sèvis gadri timoun opsyonèl, si gen yon bezwen pou fanmi a. Founisè yo pa gen dwa mande paran yo enskri timoun yo nan lòt sèvis anplis kòm kondisyon pou pitit yo enskri nan VPK oswa pou faktire yon montan pou sèvis VPK yo.

Tès Seleksyon pou Jadendanfan

Lekòl piblik ak sèten lekòl prive jere tès seleksyon pou jadendanfan nan lekòl yo pandan premye 30 jou lekòl yo. Y ap voye non timoun yo ansanm ak rezilta tès seleksyon an ba Depatman Edikasyon ki apre sa pral travay ak Biwo Edikasyon Bonè Eta Florid pou fè koresponn non timoun yo ak rezilta tès seleksyon yo nan biwo founisè a kote chak timoun te frekante Pwogram VPK a. Rezilta tès seleksyon pou jadendanfan yo ap sèvi pou atribye to preparasyon ba chak founisè VPK. Lalwa mande pou paran ki gen timoun yo k ap patisipe nan VPK pou yo voye timoun yo fè tès seleksyon jadendanfan an.

Si ou bezwen plis enfòmasyon, kontakte ELC a:

Biwo Edikasyon Bonè Eta Florid se òganizasyon prensipal ki responsab pou Pwogram Pre-jadendanfan Volontè an epi li kolabore ak Dpatman Timoun ak Fanmi, Depatman Edikasyon Eta Florid ak ELC lokal yo pou jere Pwogram VPK a. ELC ki nan tout Eta a ede founisè yo atenn egzijans pwogram la epi li asiste fanmi yo pou pou pran avantaj sèvis Pwogram VPK a. ELC lokal ou an gen fòm aplikasyon ak enfòmasyon adisyonèl konsènan Pwogram VPK a pou paran ak founisè potansyèl yo. ELC a kenbe yon lis tout founisè VPK lokal ak lekòl piblik ki patisipe nan pwogram VPK a.

Pou pran bonjan desizyon konsènan yon founisè VPK, sèvi ak resous sila yo:

- Kontakte biwo lokal Resous ak Referans pou Gadri Timoun (Child Care Resource and Referral – CCR&R) pou resevwa yon lis adapte pou ou ak tout founisè VPK ki nan zòn ou an epi ki satisfè bezwen fanmi ou an, ansanm ak enfòmasyon konsènan gadri timoun, Preparasyon pou Lekòl ak lòt resous kominotè nan 866-357-3239 (Malantandan TTY: 711).
- Al gade wèbsayt Depatman Timoun ak Fanmi (DCF) an <http://dcfsanswrite.state.fl.us/Childcare/provider/> pou gade rapò enspeksyon pou founisè VPK ki apwouve nan zòn ou an.
- Kontakte ELC a ki bay sèvis edikasyon bonè nan kominote ou an pou jwenn plis enfòmasyon osijè Pwogram VPK yo oswa pou mande yon kopi pwofil chak founisè VPK ki nan konte ou an grasa enfòmasyon ki annapre yo: